



Pou Piblikasyon Imedya: 28/02/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$39.2 MILYON NAN PRIM FAZ II YO NAN NOUVO  
PWOGRAM ENTÈNÈT RAPID NY (NEW NY BROADBAND PROGRAM) POU  
REJYON KAPITAL**

***Plis Pase 32,700 Kay ak Biznis pral Jwenn Aksè a Entènèt Rapid A Wot Vitès nan  
Rejyon Kapital pandan Faz II***

***Fè Vanse Objektif Gouvènè a pou Bay Aksè a Entènèt Rapid pou Tout Nouyòkè  
yo apati Fen 2018***

***Prim Faz II yo ak Enfòmasyon Blòk Resansman yo Disponib [Isit la](#)***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a \$39.2 milyon nan sibvansyon Faz II Nouvo Pwogram Entènèt Rapid NY yo te distribiye bay 11 pwojè nan Rejyon Kapital. Prim sa yo pral bay 32,737 kay ak biznis aksè a entènèt rapid a wot vitès pou premye fwa, epi favorize \$9.8 milyon nan fon korespondan prive yo – sa ki ap pote investisman piblik-prive total yo nan Rejyon Kapital la jiska \$49 milyon nan Faz II a. Atravè Faz I ak II yo, pwogram lan te atire yon total de plis pase \$65 milyon nan investisman piblik-prive nan entènèt rapid a wot vitès atravè rejyon an. Depi lansman pwogram la, Gouvènè Cuomo te sekirize modènizasyon atravè eta a pou plis pase 2.3 milyon kay, biznis ak enstitisyon yo.

“Entènèt rapid se jodi a sa elektrisite te ye anviwon yon syèk de sa – li esansyèl pou kreyasyon opòtinite ekonomik, sa ki ap atire inovasyon ak yon nesese absolè pou modèl lavi nou,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Prim sa yo pral bay kay ak biznis yo aksè a entènèt a wot vitès ki nesese pou kapab patisipe epi reyisi nan ekonomi modèn lan, epi yo se yon etap majè pou ale nan entènèt rapid pou tout moun ki nan New York.”

An total, Faz II a pral atire \$268 milyon investisman piblik-prive epi li pral sipòte yon total 54 pwojè ki pral atenn 89,514 kay ak enstitisyon ki nan kominote ki pa desèvi epi ki mal desèvi yo. Ansanm ak modènizasyon ak ekspansyon entènèt rapid a wot vitès yo ki ap fèt pa Chat sou manda ki soti nan Komisyon Sèvis Piblik Eta New York (New York State Public Service Commission), prim Faz II yo pral asire ke 98 pousan Nouyòkè yo

pral gen aksè a entènèt rapid a wot vitès ki nesèsè pou kapab reyisi nan yon ekonomi modèn.

Pwojè ki rekonpanse yo enkli 18 bibliyotèk nan Rejyon Kapital ak 4,017 biznis ak enstitisyon ki ankre nan kominote yo (batiman gouvènman yo, etablisman swen sante yo, enstitisyon edikasyon siperyè yo, lekòl Matènèl rive nan 12yèm ane yo, ak lokal sekirite piblik yo). 11 pwojè ki rekonpanse yo – ki ap abòde pwoblèm alafwa tèritwa ki pa desèvi epi ki mal desèvi yo – vize sèt konte nan Rejyon Kapital. An total, yo pral deplwaye prèske 4,104 kilomèt enfrastrikti entènèt rapid nan rejyon an, sa ki ap bay nouvèl opòtinite ekonomik pou Nouyòkè yo.

## **Komin Ki Ap Benefisye De Ekspansyon Entènèt Rapid yo Kòm yon Pati nan Faz II – Rejyon Kapital**

<b>Albany</b>			
<b>Komin</b>	<b>Sibvansyon Eta yo</b>	<b>Investisman Total</b>	<b>Kantite Kay yo</b>
Ravena (Village)	\$53,241	\$65,856	1,176
Coeymans	\$13,356	\$16,520	295
Westerlo	\$2,626	\$3,248	58
Rensselaerville	\$1,041	\$1,288	23
<b>Columbia</b>			
<b>Komin</b>	<b>Sibvansyon Eta yo</b>	<b>Investisman Total</b>	<b>Kantite Kay yo</b>
Copake	\$4,241,198	\$5,301,237	1,353
New Lebanon	\$2,718,608	\$3,398,093	868
Chatham (Town)	\$2,564,621	\$3,205,590	891
Chatham (Village)	\$2,558,734	\$3,198,261	814
Livingston	\$2,338,091	\$2,922,424	1,278
Ghent	\$1,931,710	\$2,414,486	687
Ancram	\$1,784,499	\$2,230,510	579
Taghkanic	\$1,565,107	\$1,956,249	731
Gallatin	\$1,515,300	\$1,893,999	768
Hillsdale	\$1,447,444	\$1,809,205	490
Canaan	\$1,422,701	\$1,778,285	465
<b>Greene</b>			
<b>Komin</b>	<b>Sibvansyon Eta yo</b>	<b>Investisman Total</b>	<b>Kantite Kay yo</b>
Lexington	\$1,384,192	\$1,729,914	401

Jewett	\$897,481	\$1,121,640	260
Halcott	\$225,833	\$322,554	80
Catskill (Village)	\$95,345	\$117,936	2,106
Cairo	\$69,901	\$86,464	1,544
<b>Rensselaer</b>			
<b>Komin</b>	<b>Sibvansyon Eta yo</b>	<b>Investisman Total</b>	<b>Kantite Kay yo</b>
Stephentown	\$4,626,084	\$5,782,294	1,543
Berlin	\$1,485,762	\$1,857,095	515
East Nassau (Village)	\$568,924	\$711,107	213
Petersburgh	\$348,239	\$435,278	111
Nassau	\$219,414	\$274,247	87
<b>Saratoga</b>			
<b>Komin</b>	<b>Sibvansyon Eta yo</b>	<b>Investisman Total</b>	<b>Kantite Kay yo</b>
Hadley	\$379,127	\$473,800	200
<b>Schenectady</b>			
<b>Komin</b>	<b>Sibvansyon Eta yo</b>	<b>Investisman Total</b>	<b>Kantite Kay yo</b>
Princetown	\$321,661	\$402,040	46
Duanesburg	\$300,683	\$375,820	43
Rotterdam	\$118,875	\$148,580	17
<b>Warren</b>			
<b>Komin</b>	<b>Sibvansyon Eta yo</b>	<b>Investisman Total</b>	<b>Kantite Kay yo</b>
Johnsburg	\$1,177,190	\$1,471,149	621
Stony Creek	\$642,620	\$803,091	339

**Prim Faz II yo nan Rejyon Kapital:**

<b>KONPAYI</b>	<b>PWOJÈ</b>	<b>INVESTISMAN ETA TOTAL</b>
Fairpoint	2 Pwojè	\$27,157,161
Frontier Communications	2 Pwojè	\$2,637,923
Gtel Teleconnections	2 Pwojè	\$5,259,217
Mid-Hudson Data Corp.	1 Pwojè	\$849,818
MTC Cable	3 Pwojè	\$2,507,505

Pattersonville Telephone Company	1 Pwojè	\$741,220
----------------------------------	---------	-----------

Biwo Pwogram Entènèt Rapid la (Broadband Program Office) ap finalize aktyèlman yon Demann pou Pwopozisyon yo pou Faz III Pwogram la ki ap vini an, ki pral lanse nan 30 jou. Faz sa pral chèche konplete objektif Pwogram lan nan pote aksè a entènèt a wot vitès nan kominote ki rete ki mal desèvi epi ki pa desèvi yo nan New York. Yo pral konplèman Faz III pa \$170 milyon nan Fon Konekte Amerik yo (Connect America Funds), ki te [resamman atribiye](#) a Eta New York pa Komisyon Kominikasyon Federal la (Federal Communications Commission).

**Howard Zemsky, ki se Prezidan, Direktè Egzekitif & Komisè Empire State Development, te deklare,** “Nouvo Pwogram Entènèt Rapid NY lan ap reyalize ak siksè vizyon Gouvènè a pou yon Empire State ki totalman konekte. Sibvansyon Faz II yo ke yo te anonse jodi a pral atire dè santèn milyon dola nan envestisman eta ak prive pou kapab deplwaye pwojè yo ki pral pote entènèt rapid nan biznis yo, lekòl yo ak kominote yo, ki yo tout bezwen entènèt a wot vitès pou rivalize nan ekonomi global.”

**Jeffrey Nordhaus, ki se Vis Prezidan Egzekitif Entènèt Rapid ak Inovasyon nan Empire State Development, te deklare,** “Nou ta renmen remèsye tout moun ki te patisipe nan Faz II Nouvo Pwogram Entènèt Rapid NY lan epi mwen felisite venkè jodi a yo. Prim sibvansyon jodi a pozisyon nou pou bay bon jan kalite sèvis entènèt rapid pou Nouyòkè ki plis bezwen li yo.”

Abitan Eta New York yo kapab verifye disponibilite Faz II Blòk Resansman (Census Block, CB) yo an ak angajman yo ki te fèt atravè Nouvo Pwogram Entènèt Rapid NY Gouvènè Cuomo a [isit la](#). Blòk resansman yo regwoupe pa konte pou kapab detèmine kote ekspansyon yo pral fèt.

### **Enfòmasyon sou Nouvo Pwogram Entènèt Rapid NY**

Rekonèt enpòtans enfrastrikti entènèt rapid epi ajoute sou envestisman Eta anvan yo nan deplwaman entènèt rapid, Gouvènè Andrew M. Cuomo an 2015, ak sipò lejislatif, te etabli Nouvo Pwogram Entènèt Rapid NY \$500 milyon an. Pwogram lan bay Eta New York finansman sibvansyon pou kapab sipòte pwojè yo ki ap bay aksè a Entènèt a wot vitès nan zòn ki Pa Desèvi epi ki Mal Desèvi yo nan Eta a, ak priyorite nan zòn ki Pa Desèvi yo, Bibliyotèk, ak Sant Opòtinite Edikatif yo.

Yon zòn ki “Pa Desèvi” defini kòm yon zòn kote vitès telechajman Entènèt ki pi rapid ki komèsyalize ki disponib ki ofri pa yon founisè ki baze sou liy yo li se mwens ke 25 Mbps. Yon zòn ki “Mal Desèvi” defini kòm yon zòn kote sèvis entènèt rapid yo disponib sèlman nan yon founisè ki baze sou liy yo ki gen vitès telechajman Entènèt ki komèsyalize ki ant 25 Mbps ak 99 Mbps. Pwogram lan se pi gwo pwogram ak pwogram ki pi anbisye nan envestisman eta a nan entènèt rapid nan nasyon an, ak yon objektif pou reyalize aksè a entènèt rapid atravè eta a nan New York apati fen 2018.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418